

Wulangan 1

Unggah-Ungguh lan Undha Usuk Basa Jawa



Unggah-Ungguh lan Undha Usuk Basa Jawa :

1. Basa Ngoko, terdiri :

a. Ngoko lugu

Ngoko lugu yaiku basa ngoko sing ora kecampuran tembung-tembung krama inggil inggil tumrap wong sing diajakpacaturan, wuwuhane tetep ngoko, sipate rumaket utawa utawa akrab.

Penganggone:

- Dienggo dening sapadha-padha kang wis kulina.
- Dienggo ndhuwuran marang andhahan.
- Dienggo wong kang wis tuwa marang sing enom, kayata: wong tuwa marang anake, guru marang muride, eyang marang putune, lan sapanunggalane.

Tuladha:

1. Kowe gelem turu kene, Mbak?
2. Kowe sesuk apa sida lunga?
3. Kowe ditukokake jalan pasar?

Unggah-Ungguh lan Undha Usuk Basa Jawa :

1. Basa Ngoko, terdiri :

b. Ngoko Alus

Ngoko alus yaiku basa ngoko sing kecampuran tembung-tembung krama inggil tumrap wong sing diajak pacaturan, krama ingghil khusus kanggo wong liya, wuwuhan tetep wuwuhan ngoko, tembung kowe dadi panjenengan.

Penganggone:

- Sedulur enom marang sedulur tuwa.
- Wong sing kaprenah tuwa marang wong enom sing drajade luwih dhuwur.
- Ibu marang bapak sing wis kulina nganggo basa ngoko.

Tuladha:

1. Panjenengan kersa sare kene Mbak?
2. Panjenengan sesuk apa sida tindak?
3. Panjenengan dipundhutake inajan pasar?

Pangeling:

Sing dikramakake ing basa ngoko alus yaiku:

1. Tembung sesulih purusa II (kata ganti orang ke-2) lan tembung kriya.
2. Tembung kriya sing dikramakake, ater-ater (awalan) lan panambang (akhiran) tetep ngoko.



Basa Krama

2. Basa Krama, diperang dadi loro, yaiku:

a. Krama Lugu

Basa krama lugu yaiku basa krama sing tembung-tembunge lugu lan ora kecampuran tembung-tembung krama inggil tumrap wong sing diajak pacaturan, tembung kowe dadi sampeyan, tembung aku dadi kula.

Penganggone:

Marang wong sadrajad sing durung raket (durung akrab).

Tuladha:

1. Sampeyan purun tilem mriki Mbak?
2. Sampeyan benjing menapa tamtu kesah?
3. Sampeyan dipuntumbasaken jajan pasar?

Basa Krama

2. Basa Krama, diperang dadi loro, yaiku:

b. Krama Alus

Basa krama alus yaiku basa krama sig tembung-tembunge alus lan kecampuran tembung-tembung krama inggil tumrap wong sing diajak pacaturan.

Penganggone:

- Wong enom marang wong tuwa
- Anak marang bapak utawa ibune
- Putu marang eyang utawa simbahe
- Ponakan marang pakdhe utawa budhene, lan sapanunggalane
- Marang wong sing luwih dhuwir drajade
- Murid marang gurune.
- Andhahan marang pimpinane.
- Abdi utawa rewang marang juragane, lan sapanunggalane.

Tuladha:

1. Panjenengan kersa sare mriki Mbak?
2. Panjenengan benjing menapa tamtu tindak?
3. Panjenengan dipunpundhutaké jajan apa?

TUGAS !!

Buatlah masing-masing 3 contoh kalimat
basa ngoko dan krama!

